

Pou:

Re:

Sijè: Distrik lekòl-la fè pwopozisyon-sa-yo:

- Sou evalyasyon
- Sou amannman IEP
- Sou plasman
- Lòt: _____

(Tanpri espesifye)

Dat anons-la:

Pa gen lontan distrik lekòl-la te diskite ka elèv-sa-a epi avèk lide-ou distrik-la prepare yon pwopozisyon. Sou dezyèm paj memo-sa-a nou esplike aksyon-nou-yo avèk rezon ki fè nou pran aksyon-sa-yo.

Kòm ou konnen deja regleman edikasyon espesyal bay pwoteksyon pou ou ak pitit-ou. Wa jwenn ransèyman espesifik sou dwa legal-ou nan *Parents' Rights Brochure* (Liv sou dwa fanmi) ki la-a tou epi avèk non moun ki kapab ede-ou konprann dwa-ou. Ou gen enterè fè lekti liv-sa-a ak lòt materyèl-yo anvan ou pran okenn desizyon.

Pèsonèl distrik lekòl-la disponib pou rankontre-ou epi pale avèk ou sou dwa-ou ak sou pwopozisyon distrik lekòl-la. Nou ankouraje-ou rele-nou si ou gen okenn keksyon. Tanpri telefònen kontak distrik lekòl-la ki gen non-li anba-a pou ou pran kontak avèk nou. Mèsi anpil..

Wap bezwen siyen yon fòmilè Konsantman evalyasyon, yon fòmilè IEP, oswa yon fòmilè Amanman IEP epi retounen-li ban-nou paske nou oblije gen kopi avèk siyati-ou nan dosye-yo kèlkeswa desizyon-ou. Tanpri retounen kopi-a pi bonnè ou kapab men pa pita pase dat ki anba-a. Mèsi anpil.

Dat dokiman-an retounen:

Moun ki kontak nan distrik-la:

Ransèyman sou kontak-la:

Sa ki nan anvlòp-sa-a:

- Parents' Rights Brochure* (Liv sou dwa fanmi)
- Lòt:

Re:

Dat anons-la:

Enstriksyon pou pèsonèl lekòl-yo:

Anons-sa-a dwe al jwenn fanmi-yo nan lang natif natal-yo oswa nan okenn lòt mwayen komunikasyon yo sèvi. Distrik lekòl-la dwe asire-l tout fanmi-yo konprann sa ki nan anons-sa-a. (règleman federal §300.503)

*Reponn keksyon anba-yo pou esplike youn oswa plizyè nan aksyon-sa-yo: Prenmye evalyasyon, Dezyèm evalyasyon, Evalyasyon ann ijans, Tan evalyasyon pwolonje, IEP, Amannman IEP, Plasman (**bay esplikasyon espesifik kote plasman-an ap fèt epi mwayen transpò nesèsè, si bezwen**), Diplòm oswa okenn lòt pwopozisyon pou entwodwi oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, plasman nan edikasyon, oswa sèvis edikasyon espesyal ki prevwa:*

- 1. Ki aksyon distrik lekòl-la pwopoze pran?*
- 2. Poukisa distrik lekòl-la pwopoze aji?*
- 3. Ki opsyon rejte ki te konsidere e poukisa yo te rejte chak opsyon?*
- 4. Ki pwosedi evalyasyon, tè, dosye oswa rapò ki te sèvi kòm baz pou aksyon ki pwopoze-a?*
- 5. Ki lòt faktè ki te apwopriye nan desizyon distrik lekòl-la?*
- 6. Ki pwochèn etap petèt ki rekòmande?*

Deskripsyon an detay de pwopozisyon Distrik lekòl-la